



# FÈY ENFÒMASYON

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini • Biwo pou Dwa Sivil • Washington, D.C. 20201 • (202) 619-0403

## DWA OU ANBA LWA ANFAVÈ AMERIKEN KI ANDIKAPE

### Kisa Lwa Anfavè Ameriken Andikape ye?

Lwa 1990 anfavè Ameriken Andikape (ADA) bay gwo pwoteksyon sou dwa sivil yo pou moun ki andikape nan domèn travay, sèvis gouvènman eta ak sèvis gouvènman lokal, lojman piblik, sèvis transpò, ak telekominikasyon.

### Kimoun ki Pwoteje Anba ADA?

ADA **pwoteje moun andikape ki kalifye yo**. Yon **moun ki andikape** se yon moun ki gen yon twoub fizik oswa mantal ki limite toutbon nan gwo aktivite lavi li; li gen yon dosye pou twoub la; oswa yo konsidere li kòm moun ki gen yon twoub. **Gwo aktivite nan lavi** moun gen ladan swen pèsonèl moun nan, fè travay alamen, mache, wè, tandè, pale, respire, aprann ak travay. Anba ADA, **yon moun andikape ki kalifye** se yon moun ki gen yon andikap ki satisfè egzijans debaz pou kalifye pou moun nan ka resevwa sèvis yo, oswa pou li ka patisipe nan pwogram yo oswa nan aktivite yo. Si yon kondisyon patikilye se reprezante yon andikap nan sans ADA egzijans sou baz ka-pa-ka.

**Twoub fizik oswa mantal** gen ladan, men pa sèlman: Twoub pou wè, twoub pou pale, ak twoub pou tandè; reta mantal, maladi emosyonèl, ak andikap espesifik pou aprann; palsy serebral; epilepsi; distwofi miskilè; esklewoz miltip; maladi òtopedik; kansè; maladi kè; dyabèt; epi maladi kontajye ak maladi ki pa kontajye tankou maladi tibèkiloz ak VIH (kit li bay sentòm oswa li pa bay sentòm).

### Kisa Tit II ADA ye?

Tit II ADA entèdi diskriminasyon kont **moun andikape ki kalifye** nan tout pwogram, aktivite oswa sèvis enstitisyon piblik yo akòz andikap moun nan. Enstitisyon piblik yo gen ladan gouvènman eta ak gouvènman lokal ak depatman yo ak ajans yo. Tit II aplike pou tout aktivite, sèvis ak pwogram yon enstitisyon piblik.

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) ki nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini gen responsablite pou aplikasyon lwa a anba Tit II ADA pou ajans swen sante ak ajans sèvis sosyal eta ak lokal yo.

### Egzijans Espesifik

Enstitisyon piblik yo **pa ka**:

- X Refize kite yon moun andikape patisipe oswa jwenn avantaj nan sèvis, pwogram oswa aktivite enstitisyon an poutèt moun nan gen yon andikap.
- X Aplike kondisyon kalifikasyon pou patisipe nan pwogram, aktivite, ak sèvis ki bay refi oswa ki ka bay refi pou moun andikape yo, sof si yo kapab montre kondisyon yo nesèsè pou patisipasyon nan sèvis yo, pwogram yo, oswa aktivite yo.
- X Bay sèvis oswa avantaj pou moun andikape nan pwogram ki apa oswa ki diferan, sof si pwogram apa yo nesèsè pou asire avantaj yo ak sèvis yo efikas menm jan.

## Enstitisyon piblik yo **dwe**:

- ✓ Bay sèvis, pwogram ak aktivite nan pifò anviwònman ki fasil pou tout moun jwenn aksè epi ki satisfè bezwen moun andikape ki kalifye yo.
- ✓ Fè koreksyon rezonab nan règleman yo, nan pratik yo, ak nan pwosedi yo pou pa gen diskriminasyon akòz andikap moun nan, sof si yo kapab montre yon koreksyon ta fè chanjman toutbon nan kalite sèvis la, pwogram nan, oswa aktivite a.
- ✓ Asire yo pa retire moun andikape yo nan sèvis yo, nan pwogram yo ak nan aktivite yo paske yo pa kapab vini nan bilding yo.
- ✓ Bay èd segondè pou moun andikape yo, san yo pa peye lòt frè pou sa, kote li nesèsè pou asire bon jan komunikasyon avèk moun ki gen twoup pou tandè, twoub pou wè, oswa twoub pou pale. (Èd segondè gen ladan sèvis oswa aparèy tankou: entèprèt ki kalifye, mikwo-kask pou ede moun yo tandè, sou-titraj ak dekodè nan televizyon, aparèy telekomunikasyon pou moun ki soud [TDD], afichaj videyo-tèks, lektè, tèks ki tape, dokiman an bray, ak dokiman ki gen gwo karaktè.)

### **Kimoun ki Ka Pote yon Plent nan OCR?**

Si yon moun kwè li se yon moun espesifik oswa klas moun ki viktim pratik diskriminasyon yon enstitisyon ki konsène akòz andikap li, nan yon pwogram sèvis sante oswa sèvis sosyal oswa aktivite yon enstitisyon, moun sa a ka pote yon plent nan OCR. Moun nan dwe fè plent lan nan 180 jou ki vini apre dat li kwè li te viktim pratik diskriminasyon an. OCR ka pwolonje dèlè 180 jou yo si ou kapab montre “rezon valab.”

Mete enfòmasyon ki anba la yo nan plent ou fè alekri a, oswa mande yon Fòm Plent pou Diskriminasyon nan biwo rejyonal oswa Biwo Santral OCR (moun ki fè plent lan oswa yon reprezantan otorize li dwe siyen plent lan):

- Non ou, adrès ou, ak nimewo telefòn ou.
- Non ak adrès enstitisyon ou kwè ki fè pratik diskriminasyon kont ou.
- Kijan, pou kisa, ak kilè ou kwè ou te viktim pratik diskriminasyon an.
- Nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan.

Voye plent ou ba Manadjè Rejyonal la nan Biwo Rejyonal OCR ki apwopriye a, oswa nan adrès ki anba la a. Depi OCR resevwa plent ou, l ap evalye enfòmasyon ou bay yo. Si nou detèmine nou pa gen konpetans pou mennen ankèt sou plent ou, n ap voye plent lan nan yon ajans ki apwopriye, si li posib. Komisyon Etazini pou Posibilite Egalego pou Jwenn Travay ka resevwa plent ki konsène diskriminasyon nan travay akòz andikap kont yon sèl moun pou yo travay sou li.

Moun prive yo ka fè pwosè tou kont yon enstitisyon piblik pou egzèsè dwa yo anba Tit II ADA; epi yo ka resevwa lòd tribinal, domaj-enterè pou konpansasyon, ak frè rezonab pou avoka.

### **Pou Jwenn Plis Enfòmasyon, Kontakte:**

**Direktè  
Office for Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivil)  
U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW - Sal 506-F  
Washington, D.C. 20201**

**Liy Dirèk yo: 1-800-368-1019 (Vwa)  
Imèl: [ocrmail@hhs.gov](mailto:ocrmail@hhs.gov)**

**1-800-537-7697 (TDD)  
Sitwèb: <http://www.hhs.gov/ocr>**

Your Rights Under the Americans with Disability Act  
(H-140/June 2000 – revised June 2006 – Haitian Creole)